"ILIM HA'M J'A'MIYET" JURNALI'NA QOSI'MSHALAR

ISSN 2010-720X

# BILIMLENDIRIW, ILIM HA'M




# INNOVACIYA MA'SELELERI

2015 (№2)

# ГӨЗЗАЛ ҲАЯЛ ПОРТРЕТИН САЛЫЎДА СҮЎРЕТШИНИҢ ТЕРЕҢ ОЙ-ПИКИРЛЕРИ

**М.Аманбаев** – *үлкен оқытыўшы*
**К.Алламуратов** – *Мийнет тәлими қәнигелигиниң 4-курс студенти*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** портрет, Жаконда, натура, анатомия.
**Ключевые слова:** портрет, Джаконда, натура, анатомия.
**Key words:** portrait, Djakonda, natura, anatomy.



Дуньяда портрет жанры бойынша беллесиў болған жағдайда сөзсиз бул портрет (Жаконда) биринши орынды ийелеген болар еди. Бул сүўретте Флоренциялы жоқары мәнсаптағы Франческоның 25 жасар өмирлик жолдасы Монна Лизаның көриниси салынған.

Бул портрет Италиялы ояныў дәўириниң ең жоқары шыңына шыққан сүўретши, инженер, математик, механик ҳәм эмелиятшы композитор Леонардо да Винчидиң ең үлкен жетискен (шедевр) жумысы болып, бул портрет үстинде ол Монна Лизаның өзине қарап (натурадан*) 4 жыл даўамында жумыс ислеген. Гөззал ҳаял көринисиниң сүўретлениўи ақырына жетпегени себепли Леонардо өзиниң қалған 11 жыл өмири даўамында да усы портрет үстинде жумыс алып барған.

Көп жыллық мийнетиниң нәтийжесин табыслы түрде жаратқан бул портрети сүўретлеў өнерин және бир басқышқа көтерди ҳәм жоқары ояныў дәўирин ашып берди.

Усы ўақыттағы сүўретши ҳәм жазыўшы Д.Вазаридиң (1512-1574) жазыўынша бул портретти Давинчи 1503-жылдың март айынан баслап натураға қарап салыўға 4 жыл күш сарыплаған. Бирақ, портрет толық ақырына жеткизилмеген. Леонардо инсан денесиниң дүзилисин үйрениў бойынша жүдә көп излениўлер алып барған. Оның 779 дана салған сүўретлери (бизге шекем жетип келген) арасында көплеп анатомиялық сүўретлер ажыралып турады. Бунда дерениң ҳәр бир бөлегин, булшық етлердиң жайласыўын ҳәр тәрептен сүўретлей алған, буның нәтийжесинде адамның скелети, қол, аяқ сүйеклери, улыўма алғанда денениң ҳәр бир бөлими анық көринеди.

Анатомияны үйрениўде белгили избе-изликке әмел қылғанлығы сезиледи. Инсан денеси пластикасын сызыўда жумысты биринши гезекте, сүйеклерди үйрениўден баслайды ҳәм ҳәр бир скелетке жыйнайды. Оған мускулларды

---

* Натура-адамның өзине қарап сүўрет салыў.

орналастырады. Анатомияны үйрениўдиң өзине тән жолы сонда, ол дәслеп дененин пластик көринисин илимий жақтан түсиндиреди. Тийкарынан, өз дыққатын дененин ҳәрекетлениўине қаратады. Леонардоның өзине тән методларынан және бири адам денесин үйрениў еди, мускуллардың функциональ – анатомиялық белгилерин үйренип, үлкен денелерди киши, айрықша бөлеклерге ажыратады. Жумысларды орынлаў барысында гейдениң ийилиўшеңлик характерин есапқа алған ҳалда өз сүўретлеринде қатлам-қатлам етип избе-из жайластырады, бунда дене формасын избе-изликте көриў мүмкин.

Инсан денесин бириншн болып классификация қылды. Ол бунда мускуллардың сыртқы көринисин, үлкенлигин, формасын ҳәм скелетке бириктириўди есапқа алады.

Анатомияны терең үйренип барыў арқалы инсан денесине байланыслы бөлеклерге бөлиниўин гармонияны билиўге умтылды.

Тарийхый дереклерди үйрениў тийкарында ол өзиниң инсан денеси дүзилисин ислеп шығыўға ҳәрекет етти. Сол дәўирде рухсат бермеген болыўына қарамастан, күнине еки мәртеден адам организмин кесип, үйрениўге ҳәрекет қылған. Излениўлер ўақтында бул портреттиң жаралыўы менен бир қатарда илимге үлкен жаңалықлар киргизген. Ол медицинада биринши болып инсан баласының қандай туўылыў нызамлылықларын ашып, оны дәлийллеп берди ҳәм жүректиң ислеў тәртиби бойынша мағлыўмат топлады «Гарвейден*» алдын қан айланыў тараўында көплеген мағлыўмат келтирип өтти.

Кишкене таў алды Винчи қаласында 1452-жыл 15-апрелъде 25 жасар нотариус Сэр Пьеро да Винчидиң шаңарағында Леонардо дүньяға келеди [1:5].

Винчи қаласы үлкен болмаған таўлар менен қоршалған болып, 1263-жылдан баслап Флоренция республикасына қараслы қала есапланған. Сэр Пьеронның әкеси, атасы бабасы болып оларға нотариус кәсиби әўладтан-әўладқа мийрас болып келген. 1451-жылы 24 жасар Сэр Пьеро да Винчи Флоренцияда үлкен ис көрсетип, абыройлы орынға ийе болды өмириниң көп ўақытын Тосқан қаласында өткерип Леонардоның анасы Катерина менен аз ўақыт ишинде қатнаста болған жер еди. Катерина туўралы жетерли мағлыўматлар бизиң ўақтымызға шекем жетип келмеген. Леонардо туўылғаннан кейин жергиликли көп жерге ийе болған бай адамға турмысқа шығып кетеди.

Леонардоның балалық дәўири әкесиниң үйинде тыныш өтеди. Пьеро да Винчи қатты байып кетип, некесиз туўылған баласын әўладтан мийрас болып келген, нотариус кәсибиниң маманы қылғысы келмейди. Леонардо живописке қашан қызыққаны туўралы бизге шекем анық мағлыўмат жетип келмеген, бирақ, ол кишкене ўақтында математика пәни бойынша устазларын бир қанша сораўлар менен қысыныспаға түсирип, ойландырыўға алып келген еди.

Леонардо үйиниң әтирапындағы жүзим бағларын, ҳайўанларға жақын болыўы ҳәм оларды терең түсиниўи, әсиресе өмириниң ақырына шекем бай

---

* Гарвей (1578-1658)-Англиялы анатомик ҳәм хирург, қан айланыс нызамын ислеп шыққан адам.

болмаса да пародалы атларды жақсы көрип бағыўы көз  алдына не келсе, ойлаған нәрсесин қағазға, плитаға, қумларға салатуғын еди.

Леонардо 1466-жылы 14 жасында Флоренциялы Андрес, Веррокионың устаханасына шәкирт болып 1472-жыл 20 жасқа толған ўақтында жетилискен уста шебер сүўретши болып питкерди [1:23].

Заманласларының мағлыўмат бериўине қарағанда ол келискен, бет-әлпети адамға жағымлы узын бойлы, дизесине келгенше узын қызыл плаш кийген, сақаллары таралған, көкирегине шекем түсип турған. Адамлар менен жақсы сәўбетлесип өзине тарта алган.

Оның қол жазбаларынан бизиң ўақтымызға шекем 7 мыңға шамалас бети жетип келген, олар Лондон, Париж, Милан ҳәм Турин китапханаларында сақланбақта [2:37] .

Физика, математика, астрономия, тарийх, философия, механика ҳәм т.б тараўларда илимге көплеген жаңалықлар киргизген

Леонардоның қол жазбаларын оқыў ушын бизиң дәўирдиң күшли қәнигелери ҳәр бир бет қағазды оқыў ушын, бир неше саатлар керек болады. Себеби, Леонардо латын тилинде емес, ески италян тилинде жазған, ең тийкарғы сыры ол оң қолы ҳәм шеп қолы менен де жазып ҳәриплерди терисине жазыўға ҳәрекет қылған. Бул  қол жазбаларды оқыў ушын айнаны қағаз бетине қойыў керек болады, сонда ҳәриплер оң тәрепке көриниске келеди.

Леонардо Италияда мәмлекетлик тартыслар себепли, бир қаладан екинши қалаға көшип өтип, өзиниң даналығы, исбилерменлиги менен үлкен абыройға ийе болды [2:38].

Өмириниң кейинги еки жылын Француз короли Франциск I ге хызмет етиўге сарыплады. Ол өзи менен бирге көп жыллық мийнети, топланған қол жазбалары менен бирге бир неше картиналарын алып келди. Солардың ишинде Джаконда да бар еди.

Франциск I диң мирәти бойынша қартайған Леонардо жас шәкирти Франческо Мельци менен бирге Францияға көшип келди. 65 жасқа келгенде күш-қуўаты қайтып баслады, оң қолы дурыс ислемейди, әжелиниң қай ўақытта келетуғынын билмесе де, өлимине көзи жеткеннен соң 1518-жылы 23-апрельде өзин жерлеўди қалай уйымластырыў ўәсиятын жазды.

Л.Д.Амбуазаға жақын жерде Клу қорғанында 1519-жылы 2-майда дүньядан өтти. Оның ўәсияты бойынша қолжазбалары шәкирти Франческо Мельциге қалдырылған [2:67].

Леонардоның қол жазбаларына қызығыўшылық, үш әсирден кейин яғный XIX әсирдиң басларында қызығып жыйналып  баслаған..

Бул портрет ҳәзирги күнде Лувр мүзейинде сақланбақта. Бул портрет бес әсир ўақыт алдын исленгенлигине қарамастан елеге шекем алдынғы көринисин жойтпаған.

Джаконда портретин ҳәр бир инсан көриўди ҳәўес етеди, умтылады. Леонардо сүўретлеў өнериниң қаншелли қымбат екенлигин ҳәм өз мийнетин қыйын, қурамалы образларда көрсетип бере алған. Портрет орайында Монна Лиза турған болса, оның артқы тәрепинде Леонардоның балалық ўақтында ойнап өскен тәбият көринислери, онша бийик болмаған тик жарлықлар,

кеңисликтеги суўлар көриниси, Монна Лизаның дизесине шекем көриниўи ҳәм оның артқы тәрептеги көринислеринде, тал тереклер арасында тап ҳаўа барлығы сезилип турады, күшли геометрик усылда жайласқан. Қойыў реңли кийимлердиң көриниўи, жасыл реңге жақын артқы тәрепиндеги тыныш суўлардың түсиўи, жаз көринисиниң тоқлығы ҳәм нәзик екенлиги, реңлердиң бир-бирине байланысып, қолларының сулыўлығы, бармақлардың нәзиклилиги тамашагөйлердиң дыққатын өзине тартып турады.

Монна Лизаның қас-кирпиклериниң жоқ екенин көрип, оның күйеўи жоқ, жесир ҳаял екенлигинен дерек береди. Бирақ, тири адамның қасларындай, қасларының енди өсип шығып атырғанлығы ҳәм жаз мәўсиминиң қызғыш көриниси, аўзы жеңил ашылып атырғандай болып, ериниң шетлери қысылып кетиўлери, мурнының өзиниң сулыўлығы менен адамның дыққат-итибарын өзине қаратып турады. Бул май бояў менен сүўретленген емес, тап тири адамды алып келип қойғандай түйиледи. Монна Лизаға қарағанымызда дәл сол ўақыттағы көзлердиң жанланыўы, шашларының толқынланып турыўы, мойны менен қайырылып сизге қарап турғанда жүрек тамырлары урып турыўы адамды ҳайран қалдырады.

Оның еркин ҳәм тыныш отырғанын, геўдеси туўры адамға қарап турыўы, эсте ҳәм ықтыярсыз қолын дизесине қойыўы ҳеш бир нәрсе менен алмастырып болмас дәрежеде өмирден алынғандай сезилип турады. Леонардо натурадан портрет салғанда, қасына музыкантларды, қызықшыларды алдырып хош кеўилли отырған, Монна Лизаның күшли илҳам келип турған образларын көшириўге умтылған. Соның ушын да адам тәрепинен емес қудай тәрепинен жаратылғандай сезиледи. Бул көринис тамашагөйге ҳәр көргенде ҳәр түрге өзгерип турады. Күлип, қуўанып барған адамды ол да көзлериниң сүйкимлилиги, жүзиндеги мыйығы менен күлимсиреп күтип алады, түскинликке түскен, кеўилсиз болып турған адамды қандай да бир муңлы, қайғылы күтип алыўының өзи қандай да бир сыр барлығынан дерек береди. Бул мийнетти бир неше мың мәрте көширмесин басқа сүўретшилер көширген, бирақ оларда Леонардоның ислегениндей Монна Лизаның образы шықпаған. Соның ушын да жер жүзинде буны көриўшилер көп. Сүўретшилерди ойландыратуғын қандай да бир түсиниксиз сыр бардай түйиледи.

Бул сүўрет XV – XVI әсирде Италия сүўретлеў өнери сүўретшилерине үлкен жол ашып береди. «Джаконда» Леонардоның көп жыллық мийнетиниң нәтийжеси болып есапланады.

Бир сөз бенен айтқанда XIX әсирде күшли бир сыншының айтқанындай «бул образды ислегенде анатомиялық избе-изликти толық үйренип, сүўретти сызғанда бир неше қатлам краска менен, үсти-үстине исленген толық көринисин көрсе болады». Леонардо сүўретлеў өнерин ҳәмме нәрседен жоқары қойды. Оның айтыўынша бар нәрсени тәрийплей алыўды ҳәм жоқ нәрсени айна жүзинде сүўретлегендей етип көрсетип береди ҳәм және бир сөзинде «жақсы сүўретши еки нәрсени сүўретлей алыў керек» деген, яғный биринши – адамның сыртқы көринисин, екинши – оның ишки дүньясын, яғный анатомиялық избе-излик қәсийетлерине әмел қылыў. Усы айтқанларындай адам баласына сырлы болған Монна Лиза образын жаратып берди.

### Әдебиятлар

1. Гуковский М.А. Леонардо Да Винчи. «Искусство» -Ленинград Москва: 1958.
2. Любимов Л. Небо не слишком высоко. –Москва: «Детская литература» 1979.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада Леонардо да Винчининг умри, Джаконда портретининг вижудга келиш тарихи ҳақида ва Джаконданинг Леонардо да Винчи ҳаётида тутган ўрни ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ**

В статье говорится о жизни Леонардо да Винчи; об истории появления портрета Джаконды и роли портрета Джаконды в жизни Леонардо да Винчи.

**SUMMARY**

The article deals with the life of Leonardo da Vinchi, the history of the work "Djakonda's portrait" and its role in the life of Leonardo da Vinchi.


## BİRİNSHİ DA`REJELİ BİR NESHE BELGİSİZLİ TEN`LEMELER SISTEMASIN SHESHİW USILLARI


**N.Djumabaev** - *pedagogika ilimlerinin` kandidatı*
**G.Mamutova** – *assistent oqıtıwshı*
**B.Nukusbaev** - *Matematikanı oqıtıw metodikası bag`darının` 1-kurs studenti*
*A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı*


Sistemanı du`zetug`ın birinshi da`rejeli ten'lemeler sanı sistemadag`ı belgisizler sanına ten` bolsa, bunday tu`rdegi sistemanı algebralıq qosıw yamasa ornına qoyıw usılı menen sheshiwge boladı. Biraq, ayırım ten`lemeler sistemasın sheshiwde «arnawlı pikir» ju`rgiziw arqalı, yag`nıy berilgen sistemanı sheshiwge arnalgan «jasalma» usıldan paydalanıp sheshiw sistemanı an'sat sheshiwge ja`rdem beredi.

To`mendegi sistemalardı «jasalma» usıldan paydalanıp sheshiwdi qarap o`teyik.

1-mısal. Ten`lemeler sistemasın sheshin':

$$\begin{cases} x+y+z+u=2 \\ y+z+u+t=8 \\ z+u+t+x=5 \\ u+t+x+y=10 \\ t+x+y+z=3 \end{cases}$$

Sheshiw. Berilgen sistemadag`ı barlıq ten`lemelerdi qosamız:

$$4(x+y+z+u+t)=28 \Leftrightarrow x+y+z+u+t=7 \qquad (1)$$

1. (1) ten`lemeden berilgen sistemadag`ı birinshi ten`lemeni alamız:

$$x+y+z+u+t-(x+y+z+u)=x+y+z+u+t-x-y-z-u=7-2 \Leftrightarrow t=5$$

2. (1) ten`lemeden berilgen sistemadag`ı ekinshi ten`lemeni alamız:

$$x+y+z+u+t-(y+z+u+t)=x+y+z+u+t-y-z-u-t=7-8 \Leftrightarrow x=-1$$

3. (1) ten`lemeden berilgen sistemadag`ı u`shinshi ten`lemeni alamız:

$$x+y+z+u+t-(z+u+t+x)=x+y+z+u+t-z-u-t-x=7-5 \Leftrightarrow y=2$$

# МАЗМУНЫ
## БАС МАҚАЛА

**Өзбекистан Республикасының Конституциясына 23 жыл**


**Базарбаев Ж.** Өзбекистан Конституциясы - миллий мәнаўиятымыздың ҳуқықый тийкары........ 3


**Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик тили ҳаққындағы Нызамының қабыл етилгенине 26 жыл**


**Айымбетов М.** Сәўир куяшына сағынып жеткен сүйикли тилимиз........ 6

**Алламбергенов К.** Тар жол, тайғақ кешиўлердеги миллий тиллер тәғдири. Руўхый Аралымыз-Ана тилимизди қорғайық........ 10


## ТӘЛИМНИҢ ТЕОРИЯЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ

**Тәбийий ҳәм техникалық илимлер**


**Avezov B., Shamuratova T., Pirniyazova M.** Texnikali'q detallardi'n' quramali'li'q da'rejelerin ani'qlaw usi'llari'........ 21

**Алламуратова Г.Б., Досбергенов А.Қ.** Хоразм ҳавза хўжалиги айрим балиқларининг озуқа таркибига қараб паразитофаунасининг тавсифи........ 24

**Байманов К.И., Назарбеков К.К., Байманов Р.К.** Некоторые проблемы проектирования системы водоотведения в населённых пунктах........ 27

**Бектурганова З.К., Ерекеева А.С.** Методика школьного курса органической химии и её классификация понятий........ 32

**Казахбаев Б.** Қойларды козылатыў мәўсиминде бағыў ҳәм асыраўдың зоотехникалық қағыйдалары........ 35

**Казахбаев Б.** Қарақалпақстан Республикасында шарўашылықты раўажландырыў ҳәм оннан алынатуғын өним сапасын жақсылаўдың айырым мәселелери........ 37

**Қарлыбаев М.М.** Металлургия ҳәм оның халық хожалығының раўажланыўына тәсири........ 40

**Мамутова Г., Өмирбаева К.** Өзгермели басланғыш точкаға ийе тийкарғы басланғыш мәселелер ушын шегаралық мәселелердиң грин функциясы........ 42

**Нарекеев Б., Мырзанова Д.** Об м - гармонических продолжениях функций в матричном шаре........ 45


**Тил билими ҳәм әдебияттаныў**


**Алламбергенов А.** Модерн шеърда талқин, таҳлил ва тасвир уйғунлиги........ 47

**Аллиярова А.** Туўған тилим – тиришилигим айғағы........ 50

**Bekmuratova M.A.** Berdaq do'retiwshiliginin' jaslardi'n' ma'nawiy ta'rbiyasi'nda tutqan worni'........ 52

**Боранбаева Г., Джуманиязова Н.** Семантическая и структурная организация словосочетания в немецком языке с предлогом «mit» и эквивалентные соответствия в каракалпакском языке........ 54

**Erejepbaeva G.** Berdaq shi'g'armalari' tilinin' izertleniwi........ 58

**Есебаев М.** Қарақалпақ эпосларында персонаж образлардың атқаратуғын хызмети..... 59

**Jamalova A.E.** Berdaqtın' da'stanlıq shıg'armalarında ka'millik ideyaları........ 63

**Жарменова Н.** Т.Жумамуратов шығармаларында синонимлердиң стильлик қолланылыўы........ 66

**Жумамуратова Г.** Т.Жумамуратов шығармаларында мухаббат темасы........ 67

**Жумамуратова Г.** Т.Жумамуратов шығармаларында эпикалық поэзияның көринислери........ 69

**Ҳафизова М.** Эркин Воҳидов шеъриятида Она-Ватан мадҳи........ 71

**Ктайбекова З.** Б.Қайыпназаров дөретиўшилигиниң өзгешелиги........ 73

**Курбаниязова С., Жумамуратова Г., Есбергенова Г.** Выражение темпорального значения в английских глагольных словосочетаниях с предлогами........................ 76
**Мамбетова Б.** И.Юсуповтың ғәрезсизлик жылларындағы лирикасының идеялық тематикалық өзгешелиги........................................................................................ 79
**Сайтова З., Алламбергенова Г.К.** Қарақалпақ фольклорында образлар типологиясы................................ 82
**Сапаева Ф.Д.** Таржима. Таржимон. Муқобил сўз муаммоси...................................... 89
**Saparniyazova Z.** Yusuf Xos Hojibning «Kutadg`u bilig» asarida komil inson g`oyasi....... 94
**Утамбетова А.** Бердақ ҳәм фольклор..................................................................... 97

## ИННОВАЦИЯ. АЛДЫҢҒЫ ПЕДТЕХНОЛОГИЯ

**Алламбергенова М., Турдышов Д., Кутлымуратова Д.** Moodle системасында тест тапсырмаларын жаратыўдың оптимал усыллары.................................................... 102
**Qaypnazarova G., Yo`ldasheva N.** Analitik geometriyani o`qitishda yangi pedagogik texnologiyalar.......................................................................................................... 106
**Менлимуратова З.** Зашифрованные химические термины......................................... 110
**Менлимуратова З., Ахетова Г.** Использование методов проблемного обучения........ 113
**Тажбенова С.** Бошланғич синфлар она тили дарсларида муаммоли савол ва топшириқлар.......................................................................................................... 116
**Утемуратов Б., Утемисов А., Кувватова М.** Мактаб ўқувчиларига дарс ўтиш жараёнида презентациялардан фойдаланишнинг роли............................................. 121
**Шамуратова Т., Авезов Б., Пирниязова М., Жуманазаров Д.** Баркамол авлодни тарбиялашда меҳнат таълими ўқитувчисининг инновацион фаолиятига қўйиладиган талаблар.......................................................................................................... 126

## МЕТОДИКА ҲӘМ ТӘЖИРИЙБЕ

**Аманбаев М., Алламуратов К.** Гөззал ҳаял портретин салыўда сүўретшиниң тереӊ ой-пикирлери........................................................................ 129
**Djumabaev N., Mamutova G., Nukusbaev B.** Birinshi da`rejeli bir neshe belgisizli ten`lemeler sistemasın sheshiw usılları.......................................................................... 133
**Елмуратова А., Ибодуллаева И.** Меҳнат ресурсларидан фойдаланишда чет давлат тажрибаси.......................................................................................................... 136
**Есбергенова Г.Б.** Активные методы обучения немецкому языку.............................. 141
**Ибраймова З.** Ота-она ва фарзанд муносабатларини шакллантиришнинг баъзи масалалари.......................................................................................................... 144
**Юсупов Қ.** Болаларнинг нутқ жараёнини ўстиришда оила муҳитининг ўрни.............. 147

## УСТАЗЛАР ШЕЖИРЕСИ

**Алламбергенов К., Нуржанов П.** Миллий саз өнери изертлеўшиси ҳәм методист устаз-алым.......................................................................................................... 150
**Valiyev A.N., Esboganova B.D., Sultanova A.Sh.** Ustozlar jasorati yoshlarga o'rnak sifatida.......................................................................................................... 154

## РЕЦЕНЗИЯ

**Курамбаев К., Дилманов И.** Избранные произведения народной поэтессы................. 160
**Калжанов П., Нурекеев Б., Калжанов Р.** Дене тәрбиясын оқытыў бойынша қарақалпақстанлы биринши илим докторы......................................................... 163